

BASA JAWA : GEGURITAN

SMPN 2 Kejajar

Namaku adalah

Kelas

Canva

Kabudayan Jawa Kang Karungu
kaanggit dening Suci Hadi Suwita

kabeh budi dayaning manungsa Jawa
kang kapi reng
petani ura-ura ing tengah sawah
jlagra ngrampungake pakaryan kanthi rengeng-rengeng
dumelinge swara macapatan
ing pinggir desa
apa macapatan kang kapiyarsa ing pendhapa
ing hotel sadhengah papan
kasidahan mawa tembang
gamelan ngungkung
gerongane gumyak
waranggane ngrangin
dhalange kondhang
kawit saka Banyumas tekan Banyuwangi
kawit saka ricik-ricik tekan gandrung Banyuwangi
orkes kroncong
kanthi penyanyi mencorong
banjur campur sari
uga pangiringe keksi maneka warna
lesung jumengglung kang wis ora ngungkung
dolan bocah ing latar
ing padhange rembulan kencar-kencar
wis ambyar
kanca
kabeh kagunan kang bisa karungu
duweke budaya Jawa
wong Jawa
sapa kang kudu ngopeni
nglestarekake
wong Jawa
daksumanggakake sliramu

Wangsulana kang patitis !

1 Sapa kang ngangggit geguritan kanthi irah-irahan Kabudayan Jawa Kang Karungu?

2 Tembung kapireng iku tegese apa?

3 petani ura-ura ing tengah sawah
jlagra ngrampungake pakaryan kanthi rengeng-rengeng
dumeling swara macapatan

Ukara dumeling swara macapatan iku apa tegese?

4 Struktur geguriitan iku nyakup apa wae?

5 Miturut Kamus Bahasa Indonesia geguritan saka tembung gurit kang ateges apa?

Jodohake tembung lan tegese

Pindhha

perang

Bregada

Ujian

Pabaratan

Seneng

Bungah

Kaya

Padadaran

barisan